

## **BAB III**


### **MÉTODE PANALUNGTIKAN**

Dina panalungtikan perlu pisan milih métode anu luyu jeung udagan nu hayang dihontal, sangkan bisa nyangking atawa maham sagemblengna pasualan anu nyampak. Nurutkeun Ratna (2013, kc. 34) métode téh miboga fungsi pikeun ngungkulan pasualan dina panalungtikan. Dina panalungtikan kudu jelas pamarekan jeung métode anu digunakeun pikeun matotoskeun pasualan anu ditalungtik. Métode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta deskriptif analitis.

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 3) métode déskriptif mangrupa métode panalungtikan pikeun nalungtik kaayaan, kondisi, atawa hal-hal séjén nu geus disebutkeun, nu hasilna ditulis dina wangun laporan panalungtikan. Ieu métode digunakeun pikeun ngadéskripsikeun fakta-fakta nu aya dina éta novel *Babalik Pikir* karya Samsuodi tuluy dianalisis datana ngeunaan struktural jeung psikologi perkembangan pikeun dijadikeun bahan ajar maca novel di SMA.

#### **3.1 Desain Panalungtikan**

Desain panalungtikan nyaéta rarancang kagiatan nu rék dilaksanakeun ku panalungtik, nu miboga udagan pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun pasualan nu nyampak dina panalungtikan. Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 61) léngkah panalungtikan ngawengku milih masalah, studi pendahuluan, ngarumuskeun masalah, ngarumuskeun hipotésis, nangtukeun pamarekan, nangtukeun data jeung sumber data, nangtukeun jeung nyusun instrumén, ngumpulkeun jeung nganalisis data, kacindekan. Anapon léngkah-léngkah dina ieu panalungtikan digambarkeun dina bagan 3.1.



Bagan 3. 1 Desain Panalungtikan

## 3.2 Téhnik Panalungtikan

### 3.2.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data nyaéta cara nu dipaké panalungtik pikeun ngumpulkeun data dina panalungtikanna (Arikunto, 2013, kc. 136). Ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun meunangkeun data. Studi pustaka nyaéta métode ngumpulkeun data ku cara néangan informasi dina buku, koran, majalah, jeung literatur séjénna nu tujuanna pikeun ngawangun hiji landasan tiori.

Nandang Permana, 2021

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL BABALIK PIKIR KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Studi pustaka téh penting pisan dina panalungtikan, ku lantaran panalungtikan tangtu moal leupas tina literatur-literatur ilmiah. Ku kituna, téhnik ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan maké téhnik studi pustaka pikeun ngumpulkeun data ku cara maca sumber data nyaéta buku novel *Babalik Pikir* dibarengan ogé ku data séjén nu ngarojong sarta anu raket patalina jeung struktural ogé psikologi perkembangan sarta sumber lianna nu ngarojong kana ieu panalungtikan.

### 3.2.2 Téhnik Ngolah Data

Nurutkeun Arikunto (2013, kc. 281) yén téhnik ngolah data nyaéta hasil analisis anu dicangking ku cara ngagunakeun rumus-rumus atawa aturan anu lumaku, luyu jeung pamarekan atawa désain panalungtikan anu digunakeun. Téhnik nu dipaké ngolah data dina ieu panalungtikan nyaéta analisis. Anapon anu dianalisisna nyaéta: 1) analisis struktural nurutkeun Robert Stanton nu ngawengku (téma, fakta carita, sarana sastra); 2) analisis karakter tokoh utama ngaliwatan psikologi perkembangan; 3) analisis kritéria dina milih bahan ajar. Ieu téhnik téh pikeun meunangkeun jawaban dina pasualan-pasualan nu geus dirumuskeun.

### 3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén panalungtikan diperlukeun pikeun nyangking jeung ngabagi data dumasar kana masalahna séwang-séwangan. Data kacida pentingna pikeun ngajawab sakabéh masalah anu keur ditalungtik. Instrumen panalungtikan nyaéta alat bantu nu dipaké ku panalungtik dina kagiatan ngumpulkeun data nu luyu jeung masalah nu ditalungtik sangkan leuwih sistematis (Arikunto, 2013, kc. 256). Instrumén anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta tabél talaah dokuméntasi jeung kartu analisis. Kartu analisis nu digunakeun mangrupa sempalan-sempalan carita nu nuduhkeun struktur carita jeung analisis psikologi perkembangan tokoh utama dina novel *Babalik Pikir* karya Samsodi.

#### 3.3.1 Instrumén Ngumpulkeun Data

Instrumén nu digunakeun pikeun ngumpulkeun data nyaéta instrumen tabél pikeun ngumpulkeun cutatan-cutatan nu nyampak dina eusi carita

Tabél 3.1  
Tabél Téma

No	Téma	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.2  
Tabél Galur

No	Judul Bagian	Wincikan Galur	Kode Data

Tabél 3.3  
Tabél Tokoh

No	Tokoh	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.4  
Tabél Latar

No	Latar (Tempat/Waktu/ Sosial)	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.5  
Tabél Gaya Basa

No	Gaya Basa	Cutatan	Kode Data

Tabél 3.6

Tabél Karakteristik Tokoh Utama

No	Psikologi Perkembangan	Karakteristik	Cutatan	Kode Data

### 3.3.2 Instrumén Ngolah Data

Instrumén panalungtikan anu digunakeun dina ngolah data nyaéta kartu data. Kartu data mangrupa instrumén nu dipaké pikeun ngébréhkeun data dina wangun cutatan anu aya dina novel *Babalik Pikir* karya Samsuodi.

#### 1) Kartu Data Analisis Struktur Carita

Gambar 3.1  
Kartu Data Téma

Kode Data	:	
Téma	:	
Analisis	:	

Gambar 3.2  
Kartu Data Fakta Carita (Galur, Tokoh, Latar)

Kode Data	:	
Fakta Carita	:	
Analisis	:	

Gambar 3.3  
Kartu Data Sarana Sastra (Judul, Puseur Implengan, Gaya Basa)

Kode Data	:	
Sarana Sastra	:	
Analisis	:	

## 2) Kartu Data Analisis Psikologi Perkembangan

Gambar 3. 4  
Kartu Data Karakteristik Tokoh Utama

Kode Data:
Karakteristik:
Analisis:

## 3) Kartu Data Kriteria Milih Bahan Ajar

Tabél 3.7  
Kriteria Milih Bahan Ajar


No	Kriteria Milih Bahan Ajar	Nyumponan	Teu Nyumponan
1.	Tujuan nu hayang dihontal		
2.	Dianggap miboga ajén pikeun kahirupan manusa		
3.	Dianggap miboga ajén minangka warisan ti entragan saméméhna		
4.	Aya gunana pikeun ngawasa hiji paélmuan		
5.	Luyu jeung kabutuh katut minat siswa		

### 3.4 Data jeung Sumber Data

Nurutkeun Lofland (dina Moelong, 2007, kc. 157) data dina panalungtikan kualitatif nyaéta kekecapan jeung kalakuan satuluyna mangrupa tambahan saperti dokumen jeung réa-réa deui. Data dina ieu panalungtikan nyaéta buku novel *Babalik Pikir* karya Samsodi. Aya ogé nu sumber nu ngarojong kana data nu mangrupa buku, jurnal, artikel, jsb.

### 3.4.1 Identitas Novel

Gambar 3. 5 Novel *Babalik Pikir*



Judul	: Babalik Pikir
Pangarang	: Samsuedi
Penerbit	: Kiblat Buku Utama
Taun Medal	: Citakan ka-1 2002
Jumlah Kaca	: 72

#### 3.4.2.2 Ringkesan Novel *Babalik Pikir*

Kacaritakeun aya hiji budak nu ngaranna Si Eméd anu kalakuanna ngan ulin jeung tara daék dititah ku kolotna. Hiji waktu si Eméd dititah ku indungna sangkan nganteuran sangu ka bapana nu keur gawé disawah batur, dijalan manéhna panggih jeung Si Junan nu keur ngapungkeun langlayangan gedé. Si Eméd kabitaeun tuluy ngolo Si Junan sangkan manéhna bisa nyobaan ngapungkeun langlayangan éta.

Singhoréng langlayanganna kalakah pegat tuluy Si Eméd lumpat rék ngudag langlayangan da puguh sieun teu kagantian nepi ka poho kana babawaanna jang nganteuran bapana. Bapana nu ti isuk kénéh geus nungguan sangu ngarasa kesel sabab nepi ka lewat ti lohor sanguna can datang waé, anu antukna manéhna balik sarta nyarékan pamajikanna. Pamajikanna ngajelaskeun yén ti isuk-isuk gé sangu mah geus nitah dianterkeun ku Si Eméd. Teu kungsi lila datang kapala kampung

Nandang Permana, 2021

KARAKTERISTIK TOKOH UTAMA DINA NOVEL *BABALIK PIKIR* KARYA SAMSOEDI PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA NOVEL DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

jeung anakna nyaéta Si Junan rék menta pertanggungjawaban sabab langlayangan budakna geus leungit ku Si Eméd. Waktu geus liwat ti magrib tapi Si Eméd can balik waé, tuluy indungna ngarasa hariwang anu satuluyna nitah bapana pikeun néangan Si Eméd. Bari tuturuban mamawa oncor bapana indit kaluar néangan Si Eméd.

Teu kungsi lila torojol Si Eméd téh aya balik asup kajero imah jalan panto tukang, tuluy langsung asup ka dapur néangan dahareun sabab manéhna lapar tapi teu manggih nanaon da ku indungna geus disumputkeun. Waktu geus tengah peuting tapi bapa Si Eméd can balik waé, teu kungsi lila jol aya sora aduh-aduhan anu mana barang ditingali éta téh bapana nu keur leumpang oséh-oséhan. Barang dipariksa ku pa Lahiam bapana téh horéng dipacok oray. Isukna bapana Si Eméd maot sabab geus karacunan ku peurah oray.

Sanggeus bapana maot, indung Si Eméd kacida bingungna sabab kudu néangan panghasilan, katambah sakeudeung deui téréh nyanghareupan lebaran. Kajaba, Si Eméd teterusan ménta ka indungna hayang meuli petasan jeung baju anyar.

Singket carita Si Eméd jeung indungna indit ka kota rék meuli baju jeung petasan, barang nepi singhoréng manéhna kacopetan. Manéhna tuluy maksa indungna hayang meuli baju jeung petasan nepi ka ngancam rék kabur ti imah. Kusabab geus kesel ku kalakuan Si Eméd, indungna ngomong yén mun rék kabur mah jung waé. Sanggeus ngadéngé kitu Si Eméd kabur bari ceurik balilihan. Tuluy manéhna panggih jeung Si Jasim nu keur ngangon meri. Saterusna cicing di imah Si Jasim jeung ngilu mantaun ngangon meri. Poé ka poé Si Eméd geus ngarasa horéam deui ngangon meri tuluy kalakah anteng ulin néangan lauk. Barang ningali kalakuan Si Eméd, Si Jasim nyarékan manéhna sabab teu bener kana digawéna nepi ka meri cul diantepkeun. Saterusna manéhna duaan paréa-paréa nepi ka gelutna. Dasar nasib jeung musibah beledag téh sirah Si Jasim tigeledag kana batu tuluy ngucur geutih. Ngarasa reuwas Si Eméd kabur sabab sieun ditéwak ku polisi, tuluy kabur ka arah kota.

Singket carita manéhna katéwak ku polisi di pasar baru sabab dituduh rék maling toko ku cara meupeuskeun kaca. Saterusna manéhna dibawa ka tempat panjara paranti budak bengal anu ayana di Semarang. Di *Gesticht* manéhna gaul



jeung budak-budak séjén nu aya di éta panjara. Manéhna wawuh jeung nu ngaranna Joko sabab kabeneran bisaeun basa sunda jeung kungsi cicing di Cimahi. Di éta panjara manéhna diajar kana rupa-rupa pangabisa pertukangan. Ari nu leuwih nyongcelangna mah kana ngolah barang anu bahanna tina beusi atawa bisa disebut tukang pandai.

Tilu taun geus kaliwat Si Eméd dihukum di éta panjara, kalakuanna nu asalna bengal, kedul jeung ngan nyusahkeun téh leungit kaganti ku sagala pangabisa manéhna. Singket carita Si Joko poé ayeuna béak masa tahananna sabab umurna geus 18 taun. Peutingna Si Joko ngajak Si Eméd sangkan ngilu balik jeung manéhna ku cara nyamar jadi guguling nu engkena rék dipanggul ku Si Joko. Éta rencana téh berhasil kalaksanakeun anu akhirna manéhna duaan naék kareta ngudag rék balik ka lembur sewang-sewangan. Barang nepi Cirebon, Si Joko jeung Si Eméd nuluykeun perjalananna maké otobeus nu arah Bandung. Dasar geus kuduna, otobeus nu ditumpakan ku Si Eméd jeung Si Joko kacilakaan ka jurung dipalebah Cadas Pangeran. Si Eméd dibawa ka Rumah Sakit di Sumedang dina kaayaan pingsan. Sanggeus tilu poé dirawat, manéhna sadar tuluy nanyakeun ka perawat nu aya didinya sabaraha jalma nu jadi korban jeung sabaraha jalma nu salamet. Tuluy Si perawat ngajéntrékeun yén aya hiji nu jadi korban nyawa nyaéta ngaranna Joko. Ngadéngé kitu tuluy Si Eméd ceurik sabab kaleungitan sobat dalitna ti keur di Semarang kénéh.

Sanggeus dua bulan dirawat di rumah sakit, kakara Si Eméd cageur. Tuluy manéhna nuluykeun balik ka Bandung ku cara leumpang sabab geus teu boga duit-duit acan. Sanggeus nepi Cicadas, sabab geus teu kuat capé jeung lapar, manéhna istirahat heula dihandapeun tangkal. Keur kaayaan lapar kitu, aya tukang bajigur anu karunyaean kamanéhna tuluy méré kue jeung bajigur sacangkir. Nu ahirna mah Si Eméd milu digawe jeung tukang bajigur nyaeta ngiluan jualan. Sanggeus sababaraha minggu, Si Eméd ngalamar gawé jadi tukang pandai di salasahiji bengkel, teu lila ti harita manéhna ditarima gawé jadi tukang pandai. Hiji poé manéhna izin ka dununganana rék balik ka lembur. Sanggeus kitu manéhna balik tuluy papanggih jeung indungna.

### 3.4.2.3 Biografi Singget Pangarang

Samsuedi nu gelar di Bandung taun 1899, tilar dunya dina kaping 9 Méi 1987 lain baé ukur boga kaahlian dina ngarang carita, tapi deui tapis dina ngagambar jeung nyanggi lagu. Karyana anu munggaran, *Carita Nyi Halimah* medal taun 1928. Dua taun ti harita, medal deui tilu bukuna, *Carita Budak Teuneung*, *Carita Budak Minggat*, jeung *Carita Si Dirun*. Ditéma deui ku *Jatining Sobat* jeung *Babalik Pikir* medal taun 1931-1932.

Samsuedi téh pangarang Indonésia munggaran anu ngahususkeun diri nulis carita-carita budak. Karya-karyana winangun basa lancar, lain wawacan sakumaha anu dina jaman harita populér dina sastra Sunda.

Satamatna ti Sakola Guru (1917), langsung baé dijenengkeun jadi guru bantu di Tangerang, meunang genep taun. Waktu keur mancén tugas di dinya, Samsuedi sok milu ngabantu-bantu di Penjara Kanak-kanak Tangerang. Taun 1923 dipindahkeun gawé ka Bandung. Tujuh taun ti harita, pindah deui ka Jakarta, lantaran pindah gawé jadi rédaktur Balé Pustaka, tepi ka gubragna jaman pendudukan Jepang.

Dina jaman sanggeus mérédeka, Samsuedi ngarang dina basa Indonésia, Pasundan, 1949. Ari karyana dina basa sunda, *Pangéran Dipanegara* medal taun 1956. Pleng lila teu nulis-nulis aya kana likurna taun.

Taun 1979, medal *Kisah Syafe'I Sumarja* dina basa Indonésia. Saterusna dina taun 80-an medal *Minah dan Imron* (1980) jeung *Kisah Mandor Hutan* (1983). Ari anu dina basa Sunda nyaéta *Si Bohim jeung Tukang Sulap* (1980). Ti taun 1993, ngaran Samsuedi diabadikeun jadi ngaran hadiah sastra pikeun buku bacaan barudak dina basa Sunda (Samsuedi, 2008, kc. 1).